

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ayana globalisasi nu kiwari mahabu mangaruhan kana mekarna kasenian tradisional, hususna kasenian tradisional nu aya di Indonésia. Kasenian tradisional Indonesia geus ngésér, boh ajén-inajén, para palaku seni tradisional, boh dina pola pintonan nu kagésér ku kasenian deungeun. Ieu hal téh dilantarankeun ku mekarna téhnologi jeung alat komunikasi kayaning komputer, internét, jeung *handphone*. Ku kamajuan téhnologi jeung IT, sacara teu langsung geus mangaruhan pola pikir jeung pola kalakuan masarakat kana kasenian tradisi. Ku kituna, perlu ayana tarékah pikeun ngadokuméntasikeun, ngaraksa, ngariksa kasenian tradisi sangkan teu kaeréh ku kasenian modérn. Salasahiji sélér bangsa nu kasohor miboga rupa-rupa kasenian tradisi nya éta sélér Sunda.

Kasenian nu aya di tatar Sunda kawilang euyeub, salasahijina nu aya di Kabupatén Subang anu miboga poténsi kasenian kayaning Genjring Bonyok, Sisinaan, Toléat, Dogér Kontrak, jeung Gembyung. Tina sababaraha wanda kasenian di Subang kabéhananna miboga ciri has séwang-séwangan. Kasenian Genjring Bonyok jeung kasenian Gembyung méh sarua mangrupa kasenian anu miboga ciri has nu raket patalina jeung ritus masarakat sarta prosés sumebarna agama Islam hususna di kabupatén Subang. Sarta minangka seni hiburan pikeun hajat khitanan, hajat nikahan, Muludan, jeung mapag hiji Muharam.

Sok sanajan méh sarua mangrupa seni ritus, tapi aya nu ngabédakeun antara kasenian Genjring Bonyok jeung kasenian Gembyung, nyaéta dina lebah waditra, lalaguan, jeung pola pintonananna. Waditra utama anu dipaké dina Genjring Bonyok jeung Gembyung teu béda jauh, anu ngabédakeunna nyaéta ayana waditra bedug dina kasenian Genjring Bonyok. Satuluyna dina lalaguan anu dipintonkeun dina Genjring Bonyok nyoko kana solawat nu aya dina Al-Barjanji, sedengkeun lalaguan dina kasenian gembyung geus maké lalaguan basa Sunda. Salian ti lebah waditra jeung lalaguanna, nu ngabédakeun antara Genjring Bonyok jeung kasenian Gembyung nya éta dina pungsina. Genjring Bonyok leuwih nyoko kana seni hiburan, sedengkeun kasenian Gembyung mangrupa seni ritus pikeun ruwatan

lembur, mapag Déwi Sri, nyacar jalan, hajat panén, jrrd. Kasenian gembyungminangka seni nu patali jeung kaagamaan nya éta pikeun Muludan, mapag hiji Muharam, jeung gusaran. Salian ti mangrupa seni ritus sarta seni nu patali jeung kaagamaan, gembyung ogé mangrupa seni hiburan masarakat nu ilaharna dipintonkeun dina acara hajatan kayaning khitanan, nikahan, miéling kamerdékaan Indonésia, jeung acara-acara séjénna.

Gembyung mangrupa kasenian ritus jeung hiburan anu miboga ciri has dina pola pintonan, musik pamirigna, jeung lalaguan anu dipintonkeun. Ku lantaran seni gembyung mangrupa seni ritus, seni hiburan, sarta seni anu raket patalina jeung kaagamaan, ieu hal bisa dipatalikeun jeung simbol-simbol nu gumulung dina sistim ritus jeung kasenian gembyung. Ku lantaran kitu, kasenian gembyung teu leupas tina simbol-simbol anu dipaké, boh simbol dina waditra, pola pintonan, boh dina prak-prakan mintonkeun ieu kasenian. Tina sababaraha wanda kasenian tradisi Subang, panalungtik kairut pikeun nalungtik kasenian gembyung, utamana dina waditra anu dipaké, lalaguan anu dipintonkeun, jeung pola pintonan kasenian Gembyung Dangiing Buhun.

Gembyung di Kampung Cinengah dibéré ngaran Gembyung Dangiing Buhun. Disawang tina wangun jeung téhnik pintonan, Gembyung Dangiing Buhun kaasup seni tradisional minangka pintonan anu dipirig ku waditra terebang. Waditra Terebang anu dipaké dina ieu kasenian nyaéta nu wangunna buleud, dijieunna tina kai jeung kulit, sarta ditabeuhna ku cara ditepak.

Dina kasenian gembyung teu saukur mintonkeun lalaguan, tapi ogé aya ibingan anu dilakukeun sacara spontan atawa teu matok kana aturan-aturan gerak tari. Sanajan kitu, unsur éstétika jeung unsur simbolna tetep diperhatikeun. Ieu kasenian ilaharna dipintonkeun dina acara hajatan, khitanan, nikahan, miéling kamerdékaan Indonésia, jeung acara-acara séjénna boh di lingkungan Kabupatén Subang boh di luar Subang. Waktu mintonkeun ieu kasenian bisa beurang atawa peuting. Tapi ilaharna mah dipintonkeun peuting sabab nuturkeun kaayaan masarakat, saupama beurang masarakat masih kénéh miboga aktivitas séwang-séwangan. Tempat mintonkeun ieu kasenian dibagi jadi dua, nyaéta pikeun nayaga, ilaharna di luhur panggung. Sedengkeun nu ngibing jeung para panongton aya di

handapeun panggung. Kabéhdieunakeun, masarakat ngajadikeun seni gembyung mangrupa seni hiburan pikeun nyumponan pangabutuh batin. Ku lantaran mangrupa seni hiburan, dina lebah waditrana aya tambahan gamelan sapuratina kayaning kendang, kentrung, tarompét, kecrék, jeung goong. Dina lolongkrang aktivitas gawé sapopoé, masarakat bisa ngamangpaatkeun hiburan pikeun ngaéksprésikeun diri.

Dumasar kana sajarahna, Seni gembyung mangrupa salasahiji wangun kasenian anu masih hirup di masarakat, utamana di masarakat nu miboga ciri tradisional. Seni Gembyung masih hirup di masarakat Cirebon, Sumedang, Ciamis, jeung kabupatén Subang, hususna di masarakat Kampung Cinengah. Kasenian Gembyung mangrupa pintonan anu maké waditra terebang badag salaku waditra utama, anu dipintonkeun pikeun ngareah-reah Maulud Nabi Muhammad Saw. sarta pikeun kaperluan séjénna. Kasenian gembyung mangrupa kasenian hasil kamekaran tina kasenian Terebangan anu asalna ti Cirebon, jeung dipaké salaku pakakas pikeun nyebarkeun agama Islam. Ku kituna, seni Gembyung miboga unsur kaagamaan (unsur réligi) nu kawilang kuat.

Disawang tina unsur réligi, antara seni terebang jeung seni gembyung nu hirup di Sumedang jeung Subang, seni terebang leuwih kuat unsur réligina ti batan seni gembyung. Dina seni gembyung leuwih nyoko kana seni hiburan sok sanajan teu ngaleungitkeun unsur tradisionalna. Satuluyna seni gembyung di Sumedang mekar jadi seni Bangréng, nu leuwih nyoko kana unsur hiburan, sok sanajan kitu unsur tradisionalna masih tetep dipertahankeun nepi ayeuna (Lina, 2007, kc. 731).

Kasenian Gembyung lain saukur pikeun ngébréhkeun rasa seni, tapi pikeun ngébréhkeun ogé émosi kaagamaan atawa *aktualisasi* tina sistim kapercayaan masarakat. Sistim kapercayaan masarakat Kampung Cinengah nyoko kana agama Islam nu geus ditarima ku sakumna masarakat. Kahirupan masarakat Kampung Cienengah kawilang masarakat anu masih nyekel kapercayaan warisan para karuhun.

Anu mimiti naratas kasenian gembyung di Kampung Cinengah nya éta Éyang Resmi. Ti sababaraha masarakat anu resep kana seni, dikumpulkeun nu tungtungna Éyang Resmi nyieun hiji grup kasenian gembyung, pikeun ngaraksa jeung ngariksa

kasenian gembyung minangka warisan ti para karuhun. Ieu kasenian mangrupa kasenian anu diwariskeun sacara turun-tumurun ka unggal generasi nepi ka ayeuna.

Warman salaku tokoh budaya Désa Curug Réndéng (wawancara, 29 Juni 2019) nétélakeun yén anu ngamekarkeun ieu kasenian di Subang Kidul nya éta Éyang Cibadak dina taun 1950-an. Éyang Cibadak masih aya patalina jeung Prabu Kian Santang minangka salasihiji tokoh anu nyebarkeun agama Islam di Tatar Sunda. Ku lantaran kitu, Éyang Cibadak nuturkeun téhnik dakwah Prabu Kian Santang, nyieun kasenian Gembyung jadi pakakas dina nyebarkeun agama Islam.

Dumasar hasil wawancara ti sababaraha informan, kasenian gembyung mimiti dipikawanoh ku masarakat umum, hususna di Kampung Cinengah dina taun 1970-an. Dina taun 2000-an ieu kasenian méh pareum lantaran kurangnya kréativitas masarakat dina ngigelan jaman, anu antukna grup kasenian di Kampung Cinengah Subang Kidul jadi jarang manggung, ieu hal mangaruhan kana kamekaran kasenian Gembyung Dangieng Buhun. Ku ayana ieu pasualan, para tokoh budaya hususna di Désa Curug Réndéng ogé para seniman miboga karep pikeun ngahirup-huripkeun deui ieu kasenian ku cara anu leuwih kréatif dina ngokolakeun kasenian gembyung boh tina unsur pintonan boh tina unsur séjénna anu ngarojong kana kasenian gembyung.

Kasang tukang diayakeun ieu panalungtikan téh nyaéta usaha pikeun ngaguar ngeunaan ajén réligi jeung sémiotik dina kasenian gembyung. Ieu hal, mangrupa salasihiji jalan pikeun ngawanohkeun jeung ngamekarkeun tradisi masarakat Sunda nu kiwari geus kapopohokeun sarta geus langka di paké. Ku kituna, kasenian gembyung di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang, perlu ditalungtik. Ieu minangka hasil budaya nu nyampak tur lumangsung di masarakat, sarta raket pisan patalina jeung prosés nyebarkeun ajaran agama Islam.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung kasenian Gembyung di antarana: *“Pungsi Seni Gembyung Dalam Kehidupan Masyarakat Panjalu Kabupatén Ciamis”* (Endang Supriatna, Séptémber 2010), éta panalungtikan medar perkara punksi seni Gembyung di Masarakat Panjalu kabupatén Ciamis. *“Kasenian Gembyung Di Padepokan Dangieng Dongdo”* (Irfan Wahyudi, 2013), ieu

4

Aep Saepudin, 2019

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan medar perkara pungsi jeung komposisi musik. Panalungtikan nu dilakukeun ku Opah Ropiah (2013) nya éta “*Ajén Éstétis Kasenian Gembyung Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII*”, nu nyalusur tur medar perkara ajén éstétis dina kasenian Gembyung sarta pikeun jadi bahan pangajaran maca di SMA kelas XII. Iin Mulyani (2004) “*Gembyung Ragasuta Di Desa Sanca Subang Tinjauan terhadap cara dan bentuk penyajiannya*”, medar perkara wangun pintonan jeung pola pintonan Gembyung Raga Suta di Désa Sanca. Sedengkeun Novi Kusdianto (2001) “*Gembyung Gunung Jati Desa Astana Kecamatan Cirebon Utara Kabupaten Cirebon (Sebuah Tinjauan Awal)*”, ieu skripsi medar perkara sajarah, pungsi utama kasenian gembyung Gunung Jati, sarta patalina jeung kahirupan Sunan Gunung Jati.

Tina sababaraha panalungtikan ngeunaan kasenian gembyung, ieu panalungtikan téh aya bédana jeung panalungtikan saméméhna nya éta nu kahiji dina ulikan nu dipaké pikeun medar kasenian gembyung, ulikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta sémiotik. Sedengkeun nu kadua nya éta dina eusi nu dipedar, dina ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén réligi dina kasenian gembyung.

Ieu panalungtikan perlu dilakukeun sangkan masarakat mikanyaho kana ajén réligi nu nyampak dina kesenian gembyung nu mangrupa hiji warisan nu perlu diriksa, diraksa jeung dimekarkeun ku masarakat.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan, aya sawatara pasualan anu di idéntifikasi kayaning sajarah jeung kamekaran kasenian Gembyung Dangiing Buhun, prak-prakan kasenian Gembyung Dangiing Buhun, ajén réligi dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun, sarta unsur-unsur Sémiotik dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah Dèsa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi di luhur, rumusan masalah nu bisa dipaluruh saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah katut kamekaran kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah, Dèsa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatèn Subang?
- 2) Kumaha prak-prakan kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah, Dèsa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatèn Subang?
- 3) Kumaha ajén réligi nu nyampak dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah, Dèsa Curug Rendéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatèn Subang?
- 4) Unsur-unsur sémiotik naon waé nu nyampak dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah, Dèsa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nya éta tujuan umum jeung husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa kabudayaan jeung kasenian nu aya di masarakat Indonesia.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Sajarah jeung kamekaran kasenian Gembyung Dangiing Buhun, di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak Kabupatèn Subang;
- 2) Prak-prakan kasenian Gembyung Dangiing Buhun, di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatèn Subang;
- 3) Ajén réligi dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun, di Kampung Cinengah, Desa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang;

- 4) Unsur-unsur sémiotik nu nyampak dina Gembyung Dangiing Buhun, di Kampung Cinengah, Desa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Saluyu jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan nu dipedar saacanna, ieu panalungtikan miboga sawatara mangpaat di antarana:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban data jeung informasi ngeunaan kabudayaan, hususna ngeunaan kasenian gembyung nu aya di Kampung Cinengah, Desa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang. Sarta bisa dijadikeun data jeung dokuméntasi anu bisa dimangpaatkeun sacara husus ku masarakat Kabupatén Subang, sacara umumna ku sakumna nu maca ieu panalungtikan.

1.4.2 Mangpaat Tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Subang (Disparbud) bisa ngtungtungup-huripkeun kana kasenian Gembyung sangkan jadi bahan agéndakeuneun dina acara-acara kabudayaan atawa acara séjénna boh di lingkungan Kabupatén Subang boh di luar Kabupatén Subang.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana.

- 1) Nu nalungtik

Ngeuyeuban pangaweruh sarta pangalaman ngeunaan kasenian Gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kecamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang.

- 2) Pamaréntah

Merhatikeun, ngamumulé, sarta ngapublikasikeun gembyung sangkan leuwih dipikanyaho ku masarakat umum, ogé sangkan bisa ngirut para wisatawan domestik jeung wisatawan mancanegara sangkan bisa ngaaprésiasi langsung pintonan gembyung.

- 3) Masarakat Umum

Méré informasi ka masarakat boh ngaliwatan média sosial boh sacara langsung ngeunaan kasenian gembyung.

1.4.4 Mangpaat Tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta ngeuyeuban pangaweruh ka masarakat utamana ngeunaan ajén réligi dina kasenian Gembyung anu bisa dilarapkeun dina kahirupan. Ajén réligi bisa jadi cecekelan pikeun masarakat dina lampah paripolah sapopoé pikeun milampah kahadéan.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nya éta ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, medar perkara tiori-tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngeunaan ajén réligi jeung sémiotik dina kasenian Gembyung Dangiang Buhun di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatèn Subang.

BAB III Méthode panalungtikan, nyaéta medar perkara lokasi jeung sumber panalungtikan, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumént panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil jeung pedaran, eusina ngeunaan ajén réligi dina kasenian gembyung, anu ngawengku émosi kaagamaan, sistim ritual jeung upacara, jeung umat atawa wangun sosial masarakat, unsur sémiotik nu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol dina kasenian Gembyung Dangiang Buhun di Kampung Cinengah, Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang, jeung pedaran panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung saran, eusina ngawengku kacindekan tina hasil analisis data anu diguar tina bab IV, implikasi, jeung saran atawa rékoméndasi anu dianggap penting pikeun panalungtikan séjénna.